



Vin patisipe nan yon sesyon admisyon fen ane Lekòl segondè

Chè fanmi,

Mèsi paske w rete konekte pandan ane lekòl la!

Nou kontan envite w vin patisipe avèk nou nan youn nan aktivite andirèk, vityèl nou yo pou fanmi elèv k ap antre nan klas 9yèm ane nan otòn lan. Kit ou se yon nouvo elèv ki bezwen yon òf, oswa yon elèv ki vle eksplòre lòt opsyon ou genyen apre sa a, oswa ki gen kesyon sou pwochen etap yo, tanpri vin patisipe avèk nou nan aktivite sa yo.

Tanpri sonje:

- Y ap fè sesyon yo sou Zoom epi fanmi yo pa bezwen enskri.
- Entèprèt langaj an siy pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL) ap disponib tou.
- N ap pataje lyen zoom ki gen modpas lan avèk fanmi yo avan chak sesyon.

Aktivite ki gen pou fèt:

- **Madi 6 jen (6pm – 7pm)**
 - Entèprètasyon disponib nan ASL, Arab, Bangla, ak Panyòl.
- **Mèkredi 14 jen (6pm – 7pm)**
 - Entèprètasyon disponib nan ASL, Chinwa (Mandaren), Kreyòl ayisyen, ak Ris.

Pou mizajou sou aktivite yo, tanpri kontinye gade sit wèb nou an schools.nyc.gov/high.

Mèsi,

Ekip admisyon lekòl segondè a
Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w sou pou pa resevwa lòt mesaj sou admisyon lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).